



# St. Francis

community services  
SOUTHSIDE CENTER

4222 Delor St. • St. Louis, MO 63116  
Phone: 314.773.6100 • Fax: 314.664.6200

## AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

### **AVI SA DEKRI KÒMAN ENFÒMASYON SANTE KI KONSÈNE W KAPAB UTILIZE AK PIBLIYE EPI KÒMAN OU KAPAB GENYEN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA. TANPRI REVIZE L AVÈK ANPIL ATANSYON.**

Si w gen nenpòt kesyon konsènan Avi sa, tanpri kontakte ofisye konfidansyalite a nan Sèvis Kominotè St. Francis la.

### KIYÈS KI PRAL SWIV AVI SA A

Avi sa a dekri pratik Ajans nou an ak sa:

- Tout pwofesyonèl swen sante ki otorize pou antre enfòmasyon nan dosye sante w.
- Tout depatman ak inite Ajans la.
- Tout manm yon gwoup volontè nou pèmèt ede w pandan w ap resevwa sèvis nan men Ajans la.
- Tout anplwaye yo, estaf ak lòt pèsonèl Ajans la, ki gen ladan l pèsonèl ki nan lòt ajans Federasyon Catholic Charities yo avèk moun nou kapab pataje enfòmasyon.
- Tout pwogram sa yo, sit ak lokal pral swiv kondisyon Avi sa a. Anplis de sa, pwogram sa yo, sit ak lokal sa yo kapab pataje enfòmasyon sou sante avèk youn ak lòt pou rezon tretman, peman oswa operasyon ajans ki dekri nan avi sa a.

### ANGAJMAN NOU KONSÈNAN ENFÒMASYON SOU SANTE

Nou konprann ke enfòmasyon sou ou menm ak sante w pèsonèl. Nou pran angajman pou pwoteje enfòmasyon sou sante w. Nou kreye yon dosye sou swen ak sèvis ou resevwa nan ajans lan. Nou bezwen dosye sa a pou ba ou bon jan kalite swen epi pou nou respekte sèten kondisyon legal. Avi sa aplikab nan tout dosye swen ou te resevwa nan Ajans la, kèlkeswa li te redije pa pèsonèl Ajans lan oswa doktè pèsonèl ou oswa lòt praktisyen ki enplike nan swen w. Doktè pèsonèl ou kapab gen règleman oswa avi ki diferan konsènan itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon pa doktè a sou sante w ki te kreye nan biwo doktè a oswa nan klinik li.

Avi sa a pral enfòme w sou fason nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w. Nou dekri tou dwa w ak sèten obligasyon nou genyen konsènan itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sante yo.

Lalwa egzije nou pou nou:

- asire ke enfòmasyon medikal ki idantifye w rete konfidansyèl;
- ba w Avi sa sou obligasyon ak pratik legal nou yo konsènan konfidansyalite sou enfòmasyon medikal ki gen rapò ak ou menm; epi
- swiv kondisyon ki nan Avi a ki an vigè kounye a

## KÒMAN NOU KAPAB ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE W

Kategori sa yo dekri diferan fason nou itilize ak divilge enfòmasyon medikal yo. Pou chak kategori itilizasyon oswa divilgasyon nou pral eksplike sa nou vle di epi eseye bay kèk egzanp. Se pa tout itilizasyon oswa divilgasyon nan yon kategori ki pral nan lis la. Sepandan, tout fason yo pèmèt nou itilize ak divilge enfòmasyon yo ap tonbe nan youn nan kategori yo.

- **Pou Tretman.** Nou gen dwa itilize enfòmasyon medikal ki konsène w pou ba w tretman oswa sèvis sante. Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante w bay doktè, enfimyè, teknisyen, etidyan nan swen sante, klèje, oswa lòt moun ki angaje nan ba w swen. Pa egzanp, yon moun vini nan Ajans lan pou trete yon pwoblem sante mantal patikilye. Yon travayè nan akèy la kapab pran kèk enfòmasyon debaz sou admisyon ak evalyasyon, ki answit pral pataje ak yon sipèvizè. Dapre enfòmasyon evalyasyon preliminè yo, sipèvizè a pral asiyen dosye a ak yon pwofesyonèl nan tretman epi pataje enfòmasyon ki egziste deja. Pwofesyonèl tretman an nan pwosesis pou devlope yon plan tretman, ap rekeyi plis enfòmasyon. Enfòmasyon sa yo kapab pataje ak lòt manm ekip ki fè pati ekip tretman w lan. Lè w ap egzeyate, enfòmasyon yo kapab pataje tou avèk moun ki responsab sèvis swivi yo.
- **Pou Peman.** Nou gen dwa itilize epi divilge enfòmasyon medikal ki konsène w pou ke tretman ak sèvis ou resevwa nan Ajans lan kapab faktire epi pou yo ka resevwa peman nan men w, yon konpayi asirans oswa yon twazyèm pati. Pa egzanp, nou ka bezwen bay asirans sante w lan enfòmasyon sou sèvis ou te resevwa nan men Ajans lan pou asirans sante w lan ka peye nou oswa ranbouse w pou sèvis yo. Nou ka anonse asirans sante w lan tou konsènan yon tretman ou pral resevwa pou w ka jwenn apwobasyon davans oswa pou w detèmine si plan w lan ap kouvri tretman an.
- **Pou Operasyon Ajans lan.** Nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon medikal ki konsène w pou operasyon Ajans lan. Itilizasyon ak divilgasyon sa yo nesesè pou dirije Ajans lan epi asire ke tout kliyan nou yo resevwa bon jan kalite swen. Pa egzanp,

nou gen dwa itilize enfòmasyon medikal pou revize tretman ak sèvis nou yo epi evalye pèfòmans anplwaye nou yo nan pran swen w oswa nou menm oswa reprezantan nou an ka voye yon sondaj sou satisfaksyon pasyan yo. Nou kapab tou konbine enfòmasyon medikal sou anpil kliyan pou deside ki sèvis adisyonèl ajans lan ta dwe ofri, ki sèvis ki pa nesesè, epi si sèten nouvo tretman efikas. Nou ka divilge enfòmasyon tou bay doktè, enfimyè, teknisyen, etidyan swen sante yo, ak lòt pèsonèl Ajans lan pou rezon revizyon ak aprantisaj. Nou kapab tou konbine enfòmasyon medikal nou genyen ak enfòmasyon medikal ki soti nan lòt ajans yo pou konpare pèfòmans nou epi wè ki kote nou ka fè amelyorasyon nan swen ak sèvis nou ofri yo. Nou ka retire enfòmasyon ki idantifye w nan seri enfòmasyon medikal sa yo pou lòt moun ka itilize yo pou fè etid medsin ak prestasyon swen sante san yo pa konnen kiyès pasyan espesifik sa yo ye.

- **Rapèl pou Randevou.** Nou gen dwa itilize epi divilge enfòmasyon medikal pou kontakte w kòm yon rapèl ke ou gen yon randevou pou tretman oswa lòt sèvis nan Ajans lan.
- **Tretman Altènatif.** Nou gen dwa itilize epi divilge enfòmasyon medikal pou fè w konnen oswa rekòmande w opsyon tretman ki posib oswa sèvis altènatif ki ka entèrese w.
- **Avantaj ak Sèvis ki gen Rapò ak Sante** Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal pou enfòme w sou avantaj, sèvis, oswa kou edikasyon sou sante ki kapab entèrese w.
- **Moun ki Enplike nan Swen w oswa Peman pou Swen w.** Nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ki konsène w bay yon moun kap bay swen ki kapab yon zanmi oswa yon manm fanmi. Nou kapab tou bay enfòmasyon ak yon moun ki ede peye pou swen ou.
- **Rechèch.** Nan sèten sikonstans, nou gen dwa itilize ak divilge enfòmasyon medikal ki konsène w pou rezon rechèch. Pa egzanp, yon pwojè rechèch kapab enplike konparezon sante ak rekipasyon tout paysan ki te resevwa yon Medikaman ak sila yo ki te resevwa yon lòt, pou menm

kondisyon an. Tout pwojè rechèch yo, sepandan, sijè ak yon pwosesis apwobasyon espesyal. Nou pral prèske toujou mande pèmasyon w espesifikman si chèchè a ap gen aksè ak non w, adrès oswa lòt enfòmasyon ki revele ki moun ou ye, oswa li pral enplike nan swen w nan ajans lan.

- **Jan Sa Egzije Pa Lalwa.** Nou pral divilge enfòmasyon medikal ki konsène w lè sa nesesè pa lwa federal, eta oswa lokal.

### SITIYASYON ESPESYAL

- **Don Ògàn ak Tisi.** Si ou se yon donatè ògàn, nou kapab divilge enfòmasyon medikal bay òganizasyon sa yo ki okipe akizasyon ògàn oswa ògàn, je oswa transplantasyon tisi oswa nan yon bank don ògàn, jan sa nesesè pou fasilite don ògàn oswa tisi ak transplantasyon.
- **Militè ak Veteran.** Si w se yon manm nan fòs lame, nou kapab divilge enfòmasyon medikal ki konsène w jan otorite kòmand militè yo mande sa. Nou kapab tou divilge enfòmasyon medikal konsènan pèsonèl militè etranje bay otorite militè etranje ki apwopriye.
- **Konpansasyon Travayè.** Nou kapab divilge enfòmasyon medikal ki konsène w bay konpansasyon travayè oswa pwogram ki sanble ak sa. Pwogram sa yo bay benefis pou blezi oswa maladi ki relye ak travay la
- **Risk Sante Piblik (Sante ak Sekirite pou ou ak/oswa lòt yo).** Nou kapab divilge enfòmasyon medikal konsènan ou menm pou aktivite sante piblik. Nou kapab itilize oswa divilge enfòmasyon medikal konsènan ou menm bay ajans yo lè sa nesesè pou anpeche yon menas enpòtan sou sante ak sekirite w oswa sante ak sekirite piblik la oswa yon lòt moun. Aktivite sa yo jeneralman gen ladan l eleman sa yo:

- pou anpeche oswa kontwole maladi, blezi oswa andikap;
- pou rapòte nesans ak lanmò;
- pou rapòte abi sou timoun oswa neglijan;
- pou rapòte reyaksyon nan

medikaman oswa pwoblèm avèk pwodwi;

- pou avize moun yo sou retou pwodwi ke yo ap itilize;
  - pou anonse yon moun ki te ekspoze a yon maladi oswa ki ka gen risk pou trape oswa pwopaje yon maladi oswa yon kondisyon;
  - pou anonse otorite gouvènman apwopriye a si nou kwè yon pasyan te viktim abi, neglijan oswa vyolans domestik. Nou ap fè divilgasyon sa a sèlman lè lalwa mande oswa otorize sa.
- **Aktivite Sipèvizyon Sante.** Nou ka divilge enfòmasyon medikal bay yon ajans sipèvizyon sante pou aktivite lalwa otorize. Aktivite sipèvizyon sa yo enkli, pa egzanp, odit, investigasyon, enspeksyon, ak lisans. Aktivite sa yo nesesè pou gouvènman an kontwole sistèm swen sante a, pwogram gouvènman yo, ak konfòmite ak lwa sou dwa sivil yo.
  - **Pwosè ak Konfli.** Si w enplike nan yon pwosè oswa yon diskisyon, nou ka divilge enfòmasyon sou sante w an repons ak yon desizyon jidisyè oswa administratif. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w tou an repons a yon sitasyon, demann dekouvèt, oswa lòt pwosesis legal pa yon lòt moun ki enplike nan diskisyon an.
  - **Lapolis.** Nou ka divilge enfòmasyon medikal si yon ofisyèl lapolis mande pou nou fè sa:
    - An repons ak yon òdonans de yon tribinal, yon sitasyon pou prezante, manda, konvokasyon oswa pwosedi ki sanble;
    - Pou idantifye oswa lokalize yon sispè, temwen materyèl, oswa moun ki disparèt;
    - Konsènan viktim yon krim si, anba kèk sikonstans ki limite, nou pa an mezi jwenn akò moun nan;
    - Konsènan yon lanmò nou kwè ki ta kapab rezilta de yon kondwit

kriminèl;

- Konsènan yon kondwit kriminel nan ajans lan; epi
- Nan sikonstans ijans pou rapòte yon krim; espas krim lan oswa viktim yo; oswa idantite, deskripsyon oswa lokasyon moun ki te komèt krim lan.

- **Doktè Legal, Egzaminatè Sante ak Direktè Fineray yo.** Nou ka divilge enfòmasyon medikal bay yon doktè legal oswa yon egzaminatè sante. Sa kapab nesèsè, pa egzanp, pou idantifye yon moun ki mouri oswa detèmine kòz lanmò a. Nou gen dwa tou bay direktè fineray yo enfòmasyon sou sante kliyan Ajans lan ki nesèsè pou yo ka akonpli devwa yo.
- **Aktivite Sekirite Nasyonal ak Entèlijans.** Nou gen dwa divilge enfòmasyon sou sante w bay ofisyèl federal otorize yo pou sèvis entèlijans, kont-espionaj, ak lòt aktivite sekirite nasyonal lalwa otorize.
- **Sèvis Pwoteksyon pou Prezidan ak Lòt moun.** Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay ofisyèl federal otorize yo pou yo ka bay Prezidan an pwoteksyon, lòt moun ki otorize oswa chèf leta etranje yo.
- **Prizonye.** Si w se yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa anba gad yon ofisyèl lapolis, nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay enstitisyon koreksyonèl la oswa ofisyèl lapolis. Divilgasyon sa a ta nesèsè (1) pou enstitisyon an ba w swen sante; (2) pou pwoteje sante w ak sekirite w oswa sante ak sekirite lòt moun; oswa (3) pou sekirite ak sekirite enstitisyon koreksyonèl la.

## LÒT ITILIZASYON DE ENFÒMASYON MEDIKAL

Lòt itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sante ki pa kouvri nan avi sa a oswa nan lwa ki aplike pou nou yo pral fèt sèlman avèk pèmasyon alekri w. Si ou ban nou pèmasyon pou nou itilize oswa

divilge enfòmasyon sou sante ou, ou ka revoke pèmasyon sa a, alekri, nenpòt kilè. Si w anile pèmasyon w, nou pap itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w ankò pou rezon otorizasyon alekri w la kouvri. Ou konprann ke nou pa kapab re pran nenpòt divilgasyon nou te deja fè avèk pèmasyon ou, e ke nou oblije kenbe dosye nou sou swen ke nou te ba ou a.

## DWA W KONSÈNAN ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE W

Ou gen dwa sa yo konsènan enfòmasyon medikal nou kenbe sou w :

- **Dwa pou Enspekte ak Kopi.** Ou gen dwa pou w enspekte epi kopye enfòmasyon medikal ou ka itilize pou pran desizyon konsènan swen w. Anjeneral, sa gen ladan l dosye sante ak bòdwo.

Pou enspekte epi kopye enfòmasyon medikal ki ka itilize pou pran desizyon sou ou, ou dwe soumèt demann sa alekri bay Depatman Dosye Kliyan nan Sèvis Kominotè St. Francis la.

Si w mande yon kopi enfòmasyon an, nou ap fè w peye yon frè pou depans pou kopi a, lapòs oswa lòt founiti ki asosye ak demann ou an.

Nou ka refize demann ou an pou enspekte ak kopi nan sèten sikonstans trè limite. Si yo refize w aksè ak enfòmasyon medikal, ou kapab mande pou yo revize refi a. Yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans Ajans la chwazi ap egzamine demann ou an ak refi a. Moun ki fè revizyon an pa pral moun ki refize demann ou a. Nou ap respekte rezilta revizyon an.

- **Dwa pou Amann.** Si w santi enfòmasyon medikal nou genyen sou ou yo pa kòrèk oswa enkonplè, ou gendwa mande pou nou chanje enfòmasyon yo. Ou gen dwa mande yon amandman toutotan Ajans la ap kenbe enfòmasyon yo. Pou mande yon amandman, ou dwe fè demann ou an alekri epi soumèt li bay Direktè Dosye Kliyan an. Anplis de sa, ou dwe bay yon rezon ki sipòte demann ou an.

Nou ka refize demann ou pou yon amandman si li pa alekri oswa si li pa

genyen yon rezon pou sipòte demann lan. Anplis de sa, nou ka refize demann ou an si ou mande nou pou nou modifye enfòmasyon ki:

- Se pa nou ki te kreye, sof si moun oswa antite ki kreye enfòmasyon an pa disponib ankò pou fè amandman an;
- Pa fè pati enfòmasyon medikal Ajans lan oswa pou Ajans la;
- Pa fè pati enfòmasyon ou ta gen dwa enspekte ak kopye; oswa
- Egzat epi konplè.

- **Dwa pou yon Kontablite Divilgasyon.** Ou gen dwa pou mande yon "kontabilizasyon divilgasyon" nan sèten sikonstans. Sa se yon lis divilgasyon nou te fè sou enfòmasyon medikal ki konsène w bay lòt moun epi ke nou oblije ba ou.

Pou mande lis sa oswa kontablite divilgasyon an, ou dwe soumèt demann ou alekri bay Direktè Dosye Kliyan an. Demann ou a dwe endike yon peryòd tan ki pa dwe plis pase sis ane epi ki pa gen dwa gen dat anvan 14 avril 2003. Demann ou an ta dwe endike nan ki fòm ou vle lis la (pa egzanp, sou papye oswa elektwonikman). Premye lis ou mande nan yon peryòd 12 mwa pral gratis. Pou lis adisyonèl, nou ka fè w peye pou depans pou bay lis la. N ap fè w konnen pri ki konsène a epi w ka chwazi pou w retire oswa modifye demann ou an nan moman sa anvan nenpòt ki depans fèt.

- **Dwa pou Mande Restriksyon.** Ou gen dwa pou mande yon restriksyon oswa limit sou enfòmasyon medikal nou itilize oswa divilge ki konsène w pou tretman, peman oswa operasyon swen sante. Ou gen dwa tou pou mande yon limit sou enfòmasyon sante nou divilge sou ou bay yon moun ki patisipe nan swen ou oswa peman pou swen ou, tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi.
- ***Nou pa oblije dakò ak demann ou an.*** Si nou dakò, n ap respekte demann ou an sof si yo bezwen enfòmasyon an ijans

pou ba ou tretman.

- Pou mande restriksyon, ou dwe fè demann ou an alekri bay Direktè Dosye Kliyan an. Nan demann ou an, ou dwe di nou (1) ki enfòmasyon ou vle limite; (2) si ou vle limite itilizasyon, divilgasyon nou an oswa toude; epi (3) ak ki moun ou vle pou limit yo aplike, pa egzanp, divilgasyon bay mari oswa madanm ou.
- **Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl.** Ou gen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou sou zafè sante w nan yon sèten fason oswa nan yon sèten kote. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakte w sèlman nan travay ou oswa pa lapòs.

Pou mande kominikasyon konfidansyèl, ou dwe fè demann ou alekri bay Direktè Dosye Kliyan an. Nou p ap mande w rezon ki fè w fè demann ou an. Nou pral akomode tout demann rezonab. Demann ou a dwe presize kijan oswa ki kote ou vle yo kontakte w.

- **Dwa pou yon Kopi Avi sa Sou Papye** Ou gen dwa pou w jwenn yon kopi Avi enfòmasyon konfidansyèl sa sou papye. Ou ka mande nou pou nou ba ou yon kopi Avi Konfidansyalite sa a nenpòt kilè lè w mande yon kopi nan men nenpòt manm estaf Ajans nou an.

#### CHANJMAN NAN AVI SA

Nou rezève dwa pou chanje Avi sa. Nou rezève dwa pou rann Avi ki revize oswa chanje an efikas pou enfòmasyon medikal ke nou deja genyen sou ou ansanm ak nenpòt enfòmasyon nou resevwa alavni. N ap poste yon kopi Avi aktyèl la nan Ajans lan ak sou sit entènèt li si li kenbe yon sit entènèt. Avi a ap genyen nan premye paj la, nan kwen anlè adwat la, dat efektif la. Nenpòt kilè ou ta renmen yon lòt kopi Avi Konfidansyalite Ajans lan, ou gen dwa ak avi sa sou fòm papye.

#### PLENT

Si ou kwè ke yo te vyole dwa konfidansyalite ou, ou kapab kontakte oswa

soumèt plent ou alekri bay Ofisye  
Konfidansyalite nan Ajans lan. Si nou pa ka  
rezoud enkyetid ou a, ou gen dwa tou pou  
pote yon plent alekri bay Sekretè Depatman  
Sante ak Sèvis Imen. **Kalite swen ou pa  
pral an danje ni yo pap penalize w si w  
depoze yon plent.**